Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 7 апрель Рузман №15 (7777) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## Налогазулгун генпланазул ва призывалъул суалал рорхана

Ункъабилеб апрелалда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана районалъул учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулезул ва росдал администрациябазул бутIрузул данделъи.



Данделъиялъул байбихьудаго районалъул бетIерас къокъго росдал администрациябазул нухмалъулезул пикру буссинабуна магIарухъ ва гъутада рекъулел ракьал хIалтIизариялъул суалалде. Гьеб мурадалъе гIоло хIукуматалъул программабаздаса мунпагIат босизе гIамал гьабизе ккеялде, хасго кIвар буссинабуна магIарухъ ахихъанлъи цебетIезабиялъе ралагьизарурал хIукуматалъул программабазде.

Гьединго районалъул нухмалъулес кIвар буссинабуна исана чара гьечIого росабалъ генералиял планал гьаризе ккеялъул суалалде. Жакъа къоялда генералияб план гьабун буго Силди росулъ, рагIалде бахъунеб буго гьеб хIалтIи Хуштада ва Хъварщи росабалъги. Руго росаби гьеб хIалтIи байбихьаралги, жеги гьеб рахьалъ кинабгIаги хIалтIи гьабичIелги. Генералияб план гьечIеб росулъ хадубккун рес букIинехьин гьечIо кинабгIаги социалиял объектал ва гIадамазул жалго бетIергьанал минаби разе.

Налогал ракIарилъул суалгун кIалъазе вахъарав райфинотделалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадовас бицана налогал ракIарилъул кIиго моцIрол план гIицIго 10 проценталъ гурони тIубан гьечIилан, ай 14 миллионгун 203 азарго гъурущ бачIине кколеб бакIалда бюджеталде бачIун бугин 1 миллионгун 424 азарго гъурущ.

Гьеб суалалда тIаса кIалъазе вахъарав районазда гьоркьосеб налогазулаб инспекциялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Шаврухан Саидовас бихьизабуна налогалъулал декларацияби мекьи цIезариялъ НДФЛалъул цIикIкIараб къадар отчеталда унеб букIин кьезе ккаралдаса цIикIкIун къурабльун.

Районалда ракьазул кадастралъул ва ракьул гIуцIиялъул хIалтIи камиллъизабиялде балагьизабураб миллияб системаялъул пачалихъияб программа гIумруялде бахъинабиялъул хIакъалъулъ кIалъай гьабуна райадминистрациялъул экономикиябгун налогазул отделалъул нухмалъулев ТIагьир Ихиловас. Гьеб гIумруялде бахъинабиялъ рес кьезе бугин абуна гьес ракьазул ва минабазул бетIергьанлъиялъул ихтиярал чIезаризе, пачалихъияб регистрация гьабиялъул хIалтIул даража борхизабизе.

Гьединго данделъиялда борхана армиялде гIолохъаби ритIиялъул «Иxдалил призыв-2023» гIуцIадго тIобитIиялъе гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ суал. 1 апрелалдаса байбихьун 15 июлалде щвезегIан ине буго гьеб хъахI. Армиялде ахIизе руго цебего гIадин 18 ялдаса 27 сонил гIумру бугел гIолохъаби. Гьеб кIвар бугеб ишалдехун рагъулаб комиссариатгун цадахъ росдал нухмалъулезул щибаб къойилаб хIалтIи букIине ккелин абуна районалъул нухмалъулес. Араб соналъ гIадин гьеб хIалтIулъ бичча-бихьан тей исана данде ккезе гьечIин къварунги лъазабуна гьес.

Данделъиялда гьединго рорхана цогидал суалалги.

БахIарзазул гьурмал

## Нилъецаги цIуничIони, цоги лъица...

Араб соналъул сентябрь моцIалда улкаялъул президент Владимир Путиница Украиналда кколел лъугьа-бахъиназда сверухъ лъазабураб цо рахъалъулаб мобилизациялда рекъон гьенир гIахьаллъулел руго нилъер районалдаса хIинкъикъай лъаларел бахIарчиял гIолохъаби. Гьездаса цояв ккола ТIадгъакъвариса ШагIбан ИсмагIилов.

Гьев гьавуна 1977 соналъ гIадатияб векьарухъанасул хъизамалда. Цогидал росдал лъималазулго гIадаб гIадатияб лъимерлъиги букIана



ШагIбанил. ГьитIингоялдаса нахъе кумек гьабулеб букIана эбел-инсуе гIи-боцIи хьихьизе, кидаго жигар бахъулеб букIана росдал гIадамазе кумек гьабизеги.

Агъвали гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, ШагIбаница ВатIаналда цебе тIадаб рагъулаб налъи тIубана. Армиялдаса нахъвуссун хадув хIалтIулев вукIана районалда бугеб жанисел ишазул отделалда. 1999 соналъ районалде Шамил Басаевасулгун Хаттабил законияв гурел яргъид гIуцIарал бандазде гьабулеб къеркьеялъулъги гIахьаллъана гьев.

Цинги талихIаб хъизанги гIуцIун ШагIбан гIагараб росулъе тIадвуссана, байбихьана цIидасан, гIи-боцIи хьихьун, магIишат гIуцIизе. ЗахIмат бокьулев ШагIбан, гIиядаеги боцIудеги хьвадун, росулъ яшав гьабун чIана. Хьизан Жамилатгун цадахъ тарбия-лъай кьун гIезарулел руго кIиго вас ва кIиго яс. Дагьай цее кIудияй ясалъе гьаюна яс ва гьел рахьана дахIабабалъун ва дахIададалъун.

Улкаялда мобилизация лъазабун хадув гьев тIоцеве щвана районалъул рагъулаб комиссариаталде жиндиего бокьун гIарзаги хьван ВатIаналъул гIорхъаби цIунизе живги витIеян. Амма гIумрудул ригьалда бан гьесие рагъулаб комиссариаталъ инкар гьабуна. ШагIбаница лъазабуна жиндир гьалмагъзаби рагъде унелъул жив нечолев вугин рокъов чIезе ва гьарана Россияги гIураб росуги хьизанги цIунизе рагъде ине изну.

Гьедин жиндирго гьалмагъзаби ГIисал, Мурадис ва ГIалигун цадахъ лъабго моцIалъулаб рагъулаб ругьунлъи лъугIарабго гьев витIана Донецк ва Луганск шагьаразде. Гьениса ШагIбан кIицIул отпускалъ вачIана жиндирго лъимал-хъизаналъухье щвезе. Нахъвуссун рагъулаб часталде щведал, гIолохъабаз гьесда абулаан щай нахъвуссун вачIаравилан. ШагIбаница гьезие жаваб гьабулаан бихьинал бихьиналлъун рукIине кколин, нилъецаги цIуничIони, цоги лъица цIунилеб ВатIанилан.

Жакъасеб къоялъги ШагIбан гIахьаллъулев вуго тIоцебесеб кьерда Запорожьеялъул рахьалъ тIоритIулел тунка-хIусиязулъ. Гьев вуго бронетранспортерална наводчиклъун.

Нижер хьул буго рагъги лъугIун, ШагIбанги, гьесул гьудулзабиги, ва цогидал солдаталги рагъдаса сах-саламатго тIадруссиналде. Аллагьас цIунаги киналго ва букIаги ракьалда рекъел.

**НурмухIамад АсхIабов,** РДялъул мустахIикъав рационализатор, захIматалъул ветеран

## ВатIан цIунулел росуцоязде

**Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе Хушетиса ана анцIила лъабго гIолохъанчи. Гьезул анкьгояв ана мобилизациялъ ахIун, гьезда гьоркьоса цо ккола жиндиего бокьун арав, анлъгояв ана контрактални рекъон.**

**Гьоркьехун бахъулеб буго росуцоязде ХIапиз ГIабдулмуслимовас хъвараб кечI.**

Эбел-эмен кIочон, ВатIан рекIелъ ккун,
ВатIан нилъер цагъур букIин бичIчIарал,
Хьизан-лъималазул пикру рехун тун,
Рахьана гьал васал ВатIан цIунизе.

АхIдолел, гIодулел харабиги тун,
Гьалдана гьалагал гьазул анишал.
ВатIан къварид букIин бичIчIарал гьазда,
Сапар щула бухьун рахьана цIумал.

Нух битIун, къадру щун, руссаги нилъехь,
Тохлъи-хиянатлъи ккечIого рорчIун.
Рохел-аваданлъи, цадахъги бачун,
Берцинго руссаги нуж рукъзабахье.

Бахмуталъул байдан кодобе босун,
Къурдулел ругоан мугIрузул цIумал.

Гьазул рекIелъ гьечIо цIумахIлъи, хьублъи,
Хъурумсахъал гъури гуреб батIияб.

Нилъер гIолилазе тохаб цIар щвечIо,
Тарихалда жаниб лъийго къуркьичIо.
ВатIаналде тIаде къо ккарабльи лъан,
ГIумруялъул къисмат кIочана гьазда.

Воре, цIумадисел, цIар арал васал,
«Рахчируккъзазул» хIай добегIан рехе.
Жакъа дун къурун чIун, метер мун гьетIун,
Гьедин мугъ рехани, нилъей щиб кколеб?!

Бодулъ лъадарарал къадруял васал,
Къимат лъикIаб кьела халкъалъ нужее.
Рагъул къогIлъи лъугIун, рекъелги рещтIун
Руссаги киналго гIагараб Хушет.

Лъайкьей

# Рагъул тарих даимго кIоченаро

Дагъаб цебе МахIачхъалаялда «Россия-дир тарих» абураб тарихияб музеялда тIобитIана «Без срока давности» лъималазул сочинениябазул республикаялъулаб конкурсалъул хIасилал гьариялъул рохалилаб тадбир.

Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул шагьараздасагун росабалъа гьоркьохъел ва чIахIиял классазул лъимал, гьезул нухмалъулел ва эбел-эмен.

Конкурсалъул хIасилал




рачунаго кIиабилеб бакIалъе мустахIикъльана Гъизилюрт районалъул Сулахь поселокалъул щуабилеб гимназиялъул анлъабилеб классалъул цIалдохъан Гьакъоса Ашахан Хъазанатов. Дагъистаналъул лъайкьеялъул министр ЯхIя Бучаевас гъулбасараб кIиабилеб даражаялъул дипломалъе мустахIикъльана гьев,



мугIалим кIодо гьаюна Баркалаялъул кагътидалъун. Сочинение хъвазе нухмалъи гьабурай учительница Заира ГIабдулмутIалибоваги ккола нилъер районалъул Гъоркьгъаквари росулъа.

Заира АхIмадовна гьаюна ва гIуна магIарухъ. Жиндирго тIоцеесей мугIалим Пайнусат МухIамадовналде бугеб лъимадулаб рокьиялъ ва хIеренлъиялъ бижана гьелъул мугIалимасул махщалиде рокьи. Авар мацIалъул мугIалим Шагьрурамазан Насрудиновас бижизабуна гIагараб мацIалде рокьи, гьединлъидал Заираца тIасабищана филологасул махщел. Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул Дагъистаналъул филологиялъул факультетги лъугIизабун, гьелъ жиндирго захIматалъул нух байбихьана Гъизляр районалъул ЦIияб Бирюзяк росулъ. Чанго соналъ гьенийги хIалтIун, хьизаналъул шартIазда бан, гIумру гьабизе гочана Гъизилюрталде ва 2011 соналдаса нахъе хIалтIулей йиго Сулахь поселокалъул щуабилеб гимназиялда.

ГIодое йиччарай, сабруяй ва тIадкъараб иш жавабчилъиялда тIубалей мугIалим йиго нижер Заираян абуна гимназиялъул директор Эльвира ГIумаровалъ. Гьелъ жигар бахъула лъималазул гIелмуялде рокьи бижизабизе. Ашаханил классалъул нухмалъулейги ккола гьей. Конкурсалда гIахьаллъизе гьев хIадуриялъул гIиллаги буго спорталъулъго гIадин, цIалулъги, жамгIияб хIалтIулъги бажари бугел, батIи-батIиял рахьалъ церетIурал лъимал куцайилан бицана директоралъ.

Заира цеекунги гIемер гIахьаллъулаан учительзабазда гьоркьор тIоритIулел батIи-батIиял къецазулъ. 2019 соналъ «ЛъагIалил учитель» конкурсалда гьей мустахIикъльана лъабабилеб бакIалъе. Гьединго яхьана «Науки юношей питают» конкурсалъул финалистлъунги. Исанаги конкурсалда гIахьаллъизе гьирагун тIадчIун хIалтIана гьей Ашахангун ва бихьизабуна лъикIаб хIасил.

Гьал къоязгимназиялъул учительзабаз ва цIалдохъабаз хIурматалда кIодо гьаруна республикаялъулаб конкурсалда лъикIаб хIасил бихьизабурал Ашахан Хъазанатов ва гьесул учительница Заира ГIабдулмутIалибова.

* * *

Гьебго конкурсалда лъабабилеб бакI щвана Лъондода росдал школалъул анлъабилеб классалъул цIалдохъан Маржанат Муртузовалъеги.

Гьелъие нухмалъи гьабуна махщел камилай, калам берцинай гIурус мацIалъулгун литератураялъул учительница Басират АхIмадовалъ.

Школалъул директор ПатIимат ГIабдулмажидовалъ лъикIаб къимат къуна Басират АхIмадовалъ ахирал соназ гьабулеб жигараб хIалтIуе.

# «ЧIагояб классика»

Исана магIарулазул дунялалдаго машгьурав шагIир Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялда хурхинабун тIолго магIарулазда гьоркьоб «ХIакъикъат» газеталъ лъазабун букIана «ЧIагояб классика» конкурс.




Ункъо номинациялда лъималаз ва чIахIияз ритIизе кколел рукIана шагIирасул прозаялъул ялъуни поэзиялъул асар рекIехъе рикIкIунел видеороликал.

Къоло ичIабилеб марталда МахIачхъалаялда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда тIобитIана конкурсалъул хIасилал рачиналъул рохалилаб тадбир.

Гьенив гIахьаллъана кIинусиде гIагарун чи. Прозаялъул ва поэзиялъул номинациябазда пасихIго рекIехъе асарал рикIкIун кIиго тIоцебесеб бакI щвана Сасикь школалъул лъабабилеб классалъул цIалдохъан Аминат Хъиличевалъе. Кидаго гIадин Аминатица гIенеккарал хIайран гьаруна жиндирго кечI рикIкIине бугеб махщалидалъун.

Гьединго шагIирасул кечI рекIехъе рикIкIун кIиабилеб даражаялъул дипломазе мустахIикъльана Агъвали гимназиялъул лъабабилеб классалъул цIалдохъаби Раяна ХIажимухIамадова ва София ГIалимухIамадова.

Баркула киназдаго лъикIал хIасилал.

# Призерлъун яхъана

Лъабабилеб апрелалда Дагъистаналъул лъай цебетIезабиялъул институталда гIисинал школлъималазда гьоркьоб тIобитIараб республикаялъулаб «Первоцвет-2023» абураб конкурсалда гIахьаллъана муниципалияб этапалда бергьарай ТIиссиахикь школалъул ункъабилеб классалъул цIалдохъан Фатима ГIабдуразакъова.




АнцIила лъабго батIияб секциялда жидерго гIелмияв хIалтIаби цIунана цIалдохъабаз. "Дун конструктор" абураб номинациялда Фатима ГIабдуразакъовалъе щвана кIиабилеб бакI.

Баркула Фатимада ва гьелъул мугIалим ПатIимат Жалаловалда лъикIаб хIасил.

**Гъумер хIадур гьабуна Зульфия Сажидовалъ**

**Тарих**

# Кидаго кІочон тезе бегьуларо

Доб заманаялъ Советияб власталъе гІоло къеркьарав чи ккола ГІащаса Имачуев МухІамад (КІудияв). Гьев вукІун вуго кутакалда иш бажарулев чи. Гьесда лъалеб букІун буго Дагъистаналда бугеб ахІвал-хІалги, мугІрузул районазда партизаназул бугеб багъа-бачариги. Цо нухалъ жиндирго хъулухъалъ ГІахьвахъе щварав МухІамадида данде ккун вуго гІахьвалазул багІарал партизаназул командир СалихІов Шамхал. Гьел кІиялго цереккунго цоцада лъалелги рукІун руго.

Шамхалица бицун буго МухІамадида Россиялда пача тІаса рехараблъи ва хІалтІухъабазулгун рекъарухъабазул хІукумат гІуцІи. Нилъее гьеб щвеларин абун буго МухІамадица Шамхалида. Шамхалица абун буго Лениница кинабго халкъ ахІулеб бугин киса-кирего, нилъги жоги, Россиялда гІадин хІукумат гІуцІизе, бечедазухъаги рахъун ракьалги мискинзабазухъе кьезе. Гьелъие нилъги къеркьезе кколин абун буго Шамхалица. Гьеб суалалда сверухъ гІемер хабар гьабун буго гьев кІиясго. МухІамадида гьабизе кколеб хІалтІиги малъун гьел кІиялго ратІалъун руго, хадубккун кІияздаго гьоркьоб бухьен чІезабизе къотІиги гьабун.

МагІарухъ доб мехалъ гІадатлъун букІун буго къватІиса вачІарав чиясда сверухъ цІияб хабар лъазе росдал гІададамал руссунеб. Шамхалилгун ккараб гара-чІвариялъул МухІамадица бицуна росуцоязда, ва гьелдаса нахъе байбихьула МухІамадица божарал гІадамаздаса партизаназул кьокъа гІуцІизе.

1920 соналъ Шамхалица бальго МухІамадихъе ритІун рачІун руго гІададамал революциялъул листовкаби тІиритІизаризе. Гьел листовкаби гьес тІиритІизарун руго ГІаща, Ангъида, Акнада ва ТІинди росабалъ. ЗахІматаб букІун буго листовкабазда хъвараб жо лъавукъаб халкъалда бичІчІизабизе. Гьеб мехалъ МухІамадица хІукму гьабун буго Хунзахъ революциялъул хІалтІи гьабулел Муслим Атаевасде ва Муса Кундуховасде тІаде ине. Гьедин, цин гьев ун вуго ТІиндиса МухІамаев АбдурахІманги вачун ГІахьвахъе Шамхалихъе, гьесдаса кагъатги босун гьел ун руго Хунзахъе. МухІамадги АбдурахІманги лъабго моцІалъ хутІун руго Хунзахъ хъачагъазулгун ккараб рагъда. Гьенисан, хъачагъалги нахъе къазарулаго, гьел рачІула Болъихъ ва ГІахьвахъ участкабазда ругел росаби эркен гьаризе.

Нилъер район хъачагъаздаса эркен гьабурабго МухІамад витІула партизаназе кванил рахъалъул ишал тІуралевлъун ТІинди участокаялде. Гьениб МухІамадица гІемераб хІалтІи гьабун буго партизанал квана-гьекъолеб жоялдалъун хьезариялъе.

1922 соналъ МухІамад тІамун вуго ГІаща росдал советалъул председательлъун. Гьенив хІалтІун вуго гьев ракІбацІцІадго 1930 соналде щвезегІан. Халат бахъараб захІматаб унтудаса хадув, 1933 соналъ МухІамад хун вуго.

Нилъер букІинесеб гІумруялъе гІоло гІумру кьурал гьев ва цогидалги районцоял нилъеда кидаго кІочон тезе бегьуларо.

**МухІамад Шамсудинов,** районалъул рагъул ва захІматалъул ветераназул Советалъул председатель

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 31,1 | 31,1 | 40,6 | 130,5 |
| 2 | Земельный налог | 11,0 | 11,0 | -6,7 | -60,9 |
| 3 | Налог на имущества | 10,0 | 10,0 | -1,4 | -14,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,0 | 4,0 | 15,0 | 375,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 23,0 | 23,0 | 23,0 | 100,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | 79,1 | 79,1 | 70,5 | 89,1 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1825,0 | 2295,0 | 2295,0 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| 4 | Субвен. ВУС | 108,0 | 114,8 | 114,8 | 100,0 |
| | Итого | 1933,0 | 2409,8 | 2409,8 | 100,0 |
| | Всего доходов | 2012,1 | 2488,9 | 2480,3 | 99,7 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1130,6** | **1168,6** | **1159,3** | 99,2 |
| | в т.ч. зарплата | 554,0 | 554,0 | 545,5 | 98,5 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | **0,0** | **0,0** | **0,0** | |
| 5 | ВУС | **108,0** | **114,8** | **114,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 82,0 | 82,0 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **387,0** | **667,0** | **654,2** | 98,1 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | 0,0 |
| 8 | Культура | **371,5** | **371,5** | **348,2** | 93,7 |
| | в т.ч. зарплата | 202,0 | 202,0 | 193,6 | 95,8 |
| 9 | ФК и спорт | **15,0** | **15,0** | **15,0** | 100,0 |
| | Всего расходов | 2012,1 | 2336,9 | 2291,5 | 98,1 |
| | в т.ч. зарплата | 833,0 | 838,0 | 821,1 | 98,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Н.Гакваринский» Р. Магомедов**

**Динияб бокІон**

# Суал-жаваб

**-ТаравихІазул какал рокъорищ ялъуни мажгиталда жамагІатгун раралищ лъикІал ругел?**

-ТаравихІал рай бихьиназе ва руччабазе суннатаб гІибадатлъун ккола. Гьелъул гІужги рамазан моцІалъул боголил какдаса хадуб байбихьула. ТаравихІазул какал рокъор ялъуни мажгиталда жамагІатгун раялда тІасан гІалимзабазул хилаф ккана.

Имам ШафигІияс, гьесул мазгьабалъул гІемерисел гІалимзабаз ва цогидалги мазгьабазул имамзабаз чІезабуна таравихІазул какал ГІумар-асхІабас ва цогидал асхІабзабаз гІадин жамагІатгун мажгиталда разе хирияб бугин абун. ТІадеги, бусурбабазулъ гьеб лъикІаб пиша, гІидазул какалго гІадин, исламалъул гІаламатлъунцин лъугьана.

Гьелде тІадеги, битІун КъурЪан цІализе лъаларесе, ялъуни жив вачІунгутІиялъ мажгиталда жамагІаталъул къадар дагьлъулеб бугони, ялъуни рокъоб жинда балаго тІаде кІвахІаллъи, макъу щолебги бугони, гьединав чиясе таравихІазул какал жамагІатгун мажгиталда разе лъикІаб буго.

( «ИгІанату ТІалибин», «Ат-ТахІзиб»)

**-ЛагІунилан кІал биххулищ?**

-ЛагІи бачІинабиялдалъун биххула. Жибго лагІизе бачІани биххуларо, гьелъул асар къватІисеб рахъалдеги щун нилъер ихтияралдалъун гуреб жибго жанибе аниги биххуларо.

Абу-Давудица бицараб хІадисалда буго: «Жинда тІад лагІи бергьарасда кІал бецІи гьечІо», - ян.

**-Чвердеялъ кІал биххулищ?**

-Паризаяб черх чуризе ккун, лъелъ вукъичІого чвердолесул магІазул къалазухъе ялъуни гІинзунибе лъим ани, кІал биххуларо. Амма суннатаб ялъуни гьогьомизелъун чвердолаго ани, биххула. Паризаяб черх чури бугониги лъелъ вукъун чвердолев вугони, гІинзунибе яги ургъибе лъимги ани, кІал биххула, гьедин чвердезе кІал ккураб мехалъ карагьатаб букІиналъе гІоло.

(«ИгІанату ТІалибин, 2 бутІа, 453 гьум.)

**-КІал биччазе бегьулел гІузраби кинал ругел?**

-БетІергьанас хирияб КъурЪаналда абулеб буго: «Аллагьас чиясда тІадкъаларо гьесда хІалкІолеб жо гурони». ГьединлЪидал, шаргІалъ хІалал гьабуна гІузраби ругел чагІазе кІал биччай. Гьездасан ккола:

**Унти.** Цо чиясул кІал кквеялдалъун унти цІикІкІиналда яги сахлъи гьечІолъи халатбахъиналда хІинкъи бугони, гІузру буго кІал ккечІого чІезе. Амма хадуб бецІизе тІадаб буго. Гьебги цІехезе ккела кІалалъул хІакъикъат бичІулев тохтурасда.

**Сапар.** Рамазан моцІалъ халатаб (85 км. яги цІикІкІун) сапаралда вугев чиясе бегьула кІал биччазе. Хадуб бецІизеги тІалъула. Гьеб сапарги хІалалаб букІине ккола. Гьединго шартІ буго гьев рогьел баккилалде сапаралде вахъун вукІин. Радал кІалги ккун рокъов вукІарав чи къад сапаралде вахъани, гьесие сапаралъе гІоло кІал биччазе гІузру гьечІо.

**КІал кквеялдаса гІажизлъи.** Херав ялъуни сахлъиялде хьул гьечІев чи вугони кІал ккезе бажарулареб, гьединазда гьеб ккезе тІалъуларо. Гьезда тІалъула щибаб кІалалъул бакІалда тІагІамалъул муд кьезе. Гьез хІехьон кІал ккуни, муд тІаса ккола.

**Лъимаде йикІии ва лъимер хахизаби.** Къинай ва лъимер хахизабулей гІаданалъе рухса къун буго кІал биччазе, гьездехун гурхІел гьабун ва гьезул лъимер цІунун. Гьел кІияздаго тІалъула хадуб гьеб бецІизеги. Гьез кІал жидерго черхалъе зарал ккеялдаса хІинкъун биччан батани, гьезда кІалал рецІи гуреб жо тІалъуларо. Гьединабго хІукму буго гьез кІал жидедаго ва лъимералда хІинкъун биччан батани. Амма гьез кІал гІицІго лъимер цІуниялъе гІоло яги рахь дагьлъун лъимералъе зарал ккеялда хІинкъун биччан батани, гьезда кІал бецІигун цадахъ тІалъула щибаб биччараб кІалалъухъ муд кьезеги.

(«ИгІанату ТІалибин», 2 бутІа)

**-КІал ккун вукІаго хІижама гьабизе бегьулищ?**

-КІал ккурав чиясе хІижама ва би биччай гьабизе бегьула, амма карагьатаб буто. Аварагас асхІабзаби нахъчІван руго кІал ккун рукІаго хІижама ва висал (биччачІого тІатІала кІиго яги цІикІкІун кІал ккве) гьабиялдаса, гьезда гурхІун. КІал ккун букІаго хІижама гьабидал чорхол къуват дагьлъулелъул, къуват дагьлъиялдалъун гІибадат гьабиги загІиплъулелъул. Кинниги хІижама гьабиялъ кІал биххуларо. Щайгурелъул, аварагасги кІал ккун вукІаго хІижама гьабуна.

**-Укол гьабуни, кІал биххулищ?**

-КІал биххизабиялъул шартІ буго рагьараб тІабигІияб каратІалда жанибе жо ин. Бидурихьазда ва ччобориялда укол гьаби гьечІо кІал биххизабулеблъун. Щайгурелъул бидурихь ва ччобори рагьараб, тІабигІияб каратІлъун гьечІо.

(«МугІтамад», 2 бутІа, гьум 182)

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Военный прокурор разъясняет

Приказом Министра обороны Российской Федерации от 15 февраля 2023г. №67 определен порядок поступления граждан Российской Федерации в добровольческие формирования, пребывания в них и исключения из них, требований, предъявляемых к гражданам Российской Федерации, поступающих в добровольческие формирования и пребывающим в них, а также порядок заключения контракта гражданами Российской Федерации о пребывании в добровольческом формировании и типовой формы контракта.

Добровольческие формирования создаются Минобороны России по решению Президента Российской Федерации. Министерство определило порядок поступления граждан Российской Федерации в указанные формирования, пребывания в них и исключения из таких формирований; требования к поступающим и прибывающим в них; порядок заключения контракта о пребывании в добровольческом формировании и его типовую форму.

Граждане, не находящиеся на военной службе, желающие поступить в добровольческие формирования, подают заявление в военные комиссариаты по месту воинского учета, не состоящие на воинском учете-по месту жительства. При отборе кандидатов в приоритете будут ранее служившие граждане, имеющие военно-учетные специальности. Также кандидат должен пройти медкомиссию и психологический отбор.

Гражданином, который соответствует установленным требованиям, будет заключатся контракт. Он получит удостоверение пребывающего в добровольческом формировании. Также предусмотрена подготовка добровольцев - не менее 10 суток.

* * *

Постановлением Правительства Российской Федерации от 4 марта 2023 г. № 342 О порядке выдачи удостоверения ветерана боевых действий единого образца лицам, поступившим в созданные по решению органов государственной власти Российской Федерации добровольческие формирования, содействующие выполнению задач, возложенных на Вооруженные Силы Российской Федерации, в ходе специальной военной операции на территориях Украины, Донецкой Народной Республики и Луганской Народной Республики с 24 февраля 2022г. а также на территориях Запорожской и Херсонских областях с 30 сентября 2022г.» установлено, что добровольцы будут получать удостоверение ветерана боевых действий единого образца.

Выдавать документ будут военные комиссариаты по месту постановки добровольца на воинский учет или по месту жительства. Для этого гражданину потребуется подать заявление Если подтверждающие участие в добровольческом формировании документы утеряны, военные комиссариаты будут заниматься их розыском самостоятельно.

**Р. Петросян,** военный прокурор гарнизона

## Налоговая служба

# Продлены сроки направления требований

УФНС России по Республике Дагестан сообщает, что продлены сроки направления требований об уплате налоговой задолженности и применения мер взыскания.

Предельный срок направления требований об уплате налоговой задолженности и применения мер взыскания в текущем году может быть увеличен, но не более чем на шесть месяцев. Такая возможность предусмотрена постановлением Правительства РФ «О мерах по урегулированию задолженности в 2023 году».

Эта мера предоставит налогоплательщикам дополнительные возможности для сверки по расчетам с бюджетом и исключит негативные последствия из-за ошибок в переходном периоде.

Так, по требованиям, которые будут направлены в апреле, будут устанавливаться более длительные сроки их исполнения (до 1 месяца вместо 8 дней). Перед выставлением требований пользователям личных кабинетов и тем, кто взаимодействует с ФНС по телекоммуникационным каналам связи, будут направляться справки с расшифровкой общей суммы долга по видам налогов и сроками их уплаты. Таким образом, можно будет сверить данные по своим операциям с информацией налогового органа и уплатить долг, если он подтвержден. Например, при выявлении ошибки можно будет представить корректное уведомление об авансовых платежах или подать заявление на розыск платежа.

Решения о взыскании будут выноситься только при подтверждении корректности отрицательного сальдо налогоплательщика.

Кроме того, с 1 января по 30 июня 2023 года не будут начисляться пени в случаях, когда налогоплательщик допустил ошибки при формировании уведомлении об исчисленных налогах или не направил его вовсе.

**Ш. Саидов,** зам.начальника отдела МРИ ФНС Росии № 12 по РД

# Электронная запись на приём к врачу

Электронная запись на прием к врачу- это возможность записаться на прием к врачу через электронную систему записи на портале Госуслуг. Преимущества электронной записи на прием к врачу :

-Экономия времени. Вы можете записаться на прием к врачу в любое время суток, не выходя из дома или офиса. Вам не нужно тратить время на поездку до поликлиники, стоять в очереди и заполнять анкеты.

-Удобство. Вы можете выбрать удобное для вас время и дату приема, а также врача, к которому хотите записаться. Вы можете ознакомиться с расписанием работы врачей и выбрать свободное время для приема.

-Быстрота. Вы можете записаться на прием к врачу всего за несколько минут. Вам нужно просто использовать специальное приложение для записи на прием.

-Улучшение качества обслуживания. Благодаря электронной записи на прием к врачу, поликлиника может лучше организовать свою работу и предоставить более высокое качество обслуживания.

**Как пользоваться электронной записью на прием к врачу?**

-Заходите на сайт Госуслуг или портал к врачу, где хотите записаться на прием. Найдите раздел «Здоровье» на ЕПГУ или «Записаться к врачу» (через мобильное приложение «К-врачу»). Заполните анкету, указав свои данные, дату и время желаемого приема и выберите врача. Подтвердите свою запись. Получите подтверждение о записи на прием. Приходите на прием в указанное время.

Электронная запись на прием к врачу - это удобный и быстрый способ записаться без лишних трат времени и усилий. Она также позволяет избежать ошибок и улучшить качество обслуживания. Если у вас есть доступ к интернету, попробуйте воспользоваться электронной записью на прием к врачу.

**М. Гаджикадиев,** врач общей гигиены райбольницы

## Спорт

# СКФОялъул первенство

Араб анкьалъ Каспийскиялда тIобитIана 24 сонил гIумруялде рахарал гIолилазда гьоркьоб греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ Северияб Кавказалъул федералияб округалъул первенство.




ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб КIалгIаялда ракIарун рукIана Северияб Кавказалдаса бищун лъикIал классикал. Гьезда гьоркьов бищун лъикIаздаса цояв вукIана араб соналъ Россиялда тIоцебесеб бакI ккурав, гьанжесел къецазда дандиясе цогIаги бал кьечIого тIоцебесеб бакI ккурав 130 кг. цIайиялда цеве вахъунев Гьигьалъа СаидмухIамад ГъайирбекIов.

Гьединго тIоцебесеб бакI ккуна 97 кг. цIайиялда ТIиссиса Саид Мусаевас. КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана 72 кг. цIайиялда ТIиссиса Рустам Мусаев.

Гьев лъабалго гIахьаллъизе руго июналъул байбихьуда Татаристаналда тIоритIизесел Россиялъул къецазда. Гьарула гьезие икъбал!

**Шамил Бадрудинов**

# Господдержка малого бизнеса

В рамках государственной програмы РД «Экономическое развитие и инновационная экономика» субъекты малого и среднего предпринимательства РД могут пользоваться следующими мерами государственной поддержки:

-субсидирование части затрат связанных с уплатой процентов по кредитам за использованную часть кредитов, не превышающую 10 млн. рублей, и на срок,не превышающий до 36 месяцев;

-субсидирование части затрат, связанных с уплатой первого взноса при заключении договора лизинга оборудования предоставляется одному претенденту один раз в календарный год единовременно по одному или нескольким договорам лизинга в размере 70 процентов от суммы пнвого взноса по договорам лизинга, без учета НДС, но не более 1,0 млн.руб.;

-предоставление субсидий в области социального предпринимательства одному получателю в размере 70процентов,но не более 500тыс. рублей от суммы расходов, понесенных не позднее чем за годп, предшествующий дате подачи заявки;

-предоставляется субсидий в целях возмещения части затрат, связанных с участием в выставочно-ярмарочных мероприятиях одному получателю в размере 70 процентов, но не более чем 500,0 тысяч рублей от суммы расходов, понесенных не позднее чем за год, предшествующей дате подачи заявки;

-предоставляются в лизинг оборудование,спецтехника и транспорт сроком до 7 лет, первоначальный платеж -от 10 процентов.Среднегодовое удорожание предмета лизинга составляет 6 процентов. Также выдаются микрозаймы с условиями видов микрозаймов в пределах не менее 100,0 тысяч рублей и не не более 5,0 млн. рублей, для самозанятых - не более 1млн. рублей. Процентная ставка по займам: ключевая ставка Банка России, но не более 9 процентов годовых. Минимальный срок представления микрозайма составляет 6 месяцев, максимальный -3 года.

-представление поручительства за субъектов малого и среднего предпринимательства до 70%, но не более 25млн. руб., за вознаграждения - 05процентов.

С подробной информацией можно ознакомиться в администрации района (тел. 8967 396 01 92).

**М. Куратмагомедов,** руководитель районного центра развития предпринимательства


БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Сажидова
Зульфия АхIмадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Щумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1484
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@mail.ru